Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 2 (7403)
14 Январь 2020 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

**Актив**

## ЛъагIалил хIасилал данде росана



ЦIияб соналда цебесеб къоялъ районалъул администрациялъул данделъабазул залалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана районалъул активалъул гIатIидаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, райадминистрациялъул жавабиял гIадамал, федералиял хъулухъазул нухмалъулел, росабазул бутIрул, школазул, ясли-ахазул нухмалъулел.

Къойил темаялда аслияб суал букIана бетIерас араб соналъул хIалтIул хIисаб кьей ва бачIунеб соналда цере чIарал масъалаби.

«Жакъа нилъеца гIадат-хIисабалда унеб соналъул хIалтIул хIасилал данде росизе руго. ХIалтIи абуни гьабун буго цIакъ гIемераб. Араб сон букIана гьабулеб хIалтIуца хIасил кьураб» – ян бихьизабуна данеделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас. Жиндирго докладалда бетIерас тIадчIей гьабуна социалиябгун экономикияб цебетIеялда, хIалтIул хIасилазда, бакIал раялъулгун архитектураялъул, лъай кьеялъул, культураялъул, спорталъул хIасилазда. Бицана щибаб росулъ гьабураб хIалтIул. Гьедин 2019 соналда хIалтIизаруна 26 проект, рагIалде рахъана лъим бахъиялъул, гьелъие резервуарал гьариялъул, нухал къачIаялъул, капиталияб ремонт гьабун буго чанго лъай кьеялъул учреждениязда, гьединго районалда раккана фотболалъул майданал.

Гьел хIалтIабазда гIахьаллъанщиназе баркала загьир гьабуна бетIерас. Гьединазе кьуна баркалаялъулал кагътал ва грамотаби.



## Поздравление главы с Днём Российской печати

Уважаемые сотрудники средств массовой информации! От имени работников администрации района, от Депутатов районного Собрания, Общественной палаты и лично и от себя сердечно поздравляем Вас с профессиональным праздником - Днем российской печати .

Этот праздник объединяет всех тех, кто своим созидательным трудом обеспечивает единое информационное пространство задает нравственные ориентиры, формирует общественное мнение.

От того, как вы освещаете текущие события, зависит, как нас и наше время будут оценивать потомки, вам принадлежит ведущая роль в создании имиджа Унцукульского района.

Хочу поблагодарить всех работников Муниципального бюджетного учреждения «Единая информационная служба» куда входит и районная газета «Садовод». Благодаря вам каждый житель Унцукульского района имеет возможность оперативно узнавать о позитивных изменениях, происходящих в районе

Благодарим за ваше неравнодушие, активную жизненную позицию, индивидуальный взгляд на происходящее, за ваш непростой и очень значимый труд, за отзывчивость и неравнодушие к проблемам жителей района!

Выражаю слова уважения и признания ветеранам, которые на протяжении многих лет плодотворно и самоотверженно трудились в сфере печати. Задача нового поколения - сберечь и приумножить имеющиеся традиции и накопленный богатый опыт.

Пусть профессиональная деятельность приносит вам творческое вдохновение и удачу, дарит многогранные темы и неординарные идеи, радует яркими событиями и хорошими новостями, наполняет жизнь интересными встречами. Здоровья вам и вашим близким.

**Глава «МО Унцукульский район» Иса Магомедович**

## Саназде рахинчIезул комиссиялда

Гьал къоязда араб соналда гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб ва гьезул ихтиярал цIунулеб комиссиялъ. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. комиссиялъул пред. М. ХIамзатов, секретарь П. НурмухIамадова ва цогидалги.



Данделъи рагьулаго М. ХIамзатовас рехсана гьоркьор лъолел суалал: лъай кьеялъул школазда хIинкъи гьечIолъи букIинаби, лъималазул опекунство гьабулаго закон хвезаби биччангутIиялъул.

Опекунствоялъул суалалъухъ балагьулаго, гьеб ишалъул рахъалъ бетIерай специалист Х. Жамалудиновалъ бихьизабуна: араб соналда гьединал лъималазе кьуна 10 рукъ, бесдал лъимал жанир чIезе бакIаздалъун хьезариялъул программаялда рекъон, - абун.

Районалда комплексниябгун оперативияб ва профилактикияб «Защита» - операция унеб букIанин, - абун бицана М. ХIамзатовас. Гьенирго цIалул процессалда гьоркьоса лъимал рорчIизе тезе бегьунгутIиялдаги тIадчIей гьабуна. Хадур ралагьана гьединал школазде хьвадуларел лъималазул административиял материалазухъ. Гьединал лъималазул эбел – инсуда гьокьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабулеб бугин бихьизабуна П. НурмухIамадовалъ.

Гьал кьоязда В. Васильевас данделъиялда гьоркьоб лъуна «Россети» компаниялъул цадахъ цIалиги бачун республикаялда электроэнергиялдалъун хьезабиялъе гьабураб хIалтIул. Гьес бихьизабуна лъай кьейгун цадахъ гьабураб хIалтIуца 20% дагьлъанин токалъул авариял ккей, - ян. ГIемераб хIалтIи гьабулеб буго ток кьолеб линиялъул ахIвал - хIал рукIалиде ккезабиялъеги.



Шапакъат

# РакI – ракIалъ баркула!



РФялъул Генералияв прокурор Ю. Я. Чайкал 2019 соналъул 16.12 приказалдалъун районалъул прокурор Хайчилаев ХIажичилав Абакаровичасе кьун буго «За верность закону» абураб каранда балеб гIаламат. Гьеб кьуна гьаб соналъул 12 январалъ – прокуратураялъул Къоялъ.

РакI – ракIалъ баркула ХIажичилав Абакаровичасда мустахIикъаб шапакъат!






# Поздравление главы с Днём работников прокуратуры РФ

**Уважаемые сотрудники и ветераны органов прокуратуры РФ!**

От имени работников администрации района, от Депутатов районного Собрания, Общественной палаты и лично от себя примите самые искренние поздравления с вашим профессиональным праздником - Днем работника прокуратуры Российской Федерации!

Прокуратура – важнейшее звено правоохранительной системы страны. От вашего труда напрямую зависит качество защиты социальных прав и экономических свобод граждан, законных интересов государства. Вы осуществляете надзор за соблюдением законодательства во всех сферах жизни, координируете работу правоохранительных органов, обеспечиваете укрепление правопорядка и профилактику преступности, повышаете уровень правовой культуры жителей района.

Выражаю слова благодарности всем сотрудникам прокуратуры Унцукульского района за неустанный и добросовестный труд на благо общества.

Так же выражаю признательность ветеранам, которые внесли достойный вклад в укрепление законности и правопорядка, передали накопленный опыт молодому поколению. Убежден, что ваши знания, профессиональные качества и в дальнейшем будут способствовать укреплению государственности, обеспечению верховенства права и законности.

Еще раз поздравляю Вас с праздником! Желаю Вам счастья, здоровья, благополучия и дальнейших успехов в работе! Пусть почетное звание надежных стражей закона придает вам жизненных сил, энергии и оптимизма в решении самых сложных профессиональных задач!

**Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов**

**Авар мацI – авар рухI**

# МацIги цIарги цIуниялъе

Гьаб соналъул 14 январалда республикаялъул авар басмаялъул «ХIакъикъат» газеталъул редакциялъул данделъабазул залалде ракIарун рукIана районалъул газетазул редакторал ва батIи – батIиял ассоциациязул нухмалъулел.

Лъалеб букIахъе республикаялъул хIакъикъат газеталъул редакторасул ишал тIуралевлъун гьабсагIаталда вуго Болъихъ районалъул «Гьудуллъи» газеталъул редакторлъун вукIарав ГIумаханов ГIумахан ГIамирханович. Гьес ва авар мацI цIуниялъул ассоциациялъул нухмалъулей, республикаялъул «МагIарулай» журналалъул бетIерай редактор Баху МухIидиновалъги авар 14 районалъул журналистазда данд рана дунялалъулго тIагIине бегьулел 28 мацIалда гьоркьобе ккараб авар мацI цIуниялъе ва республикаялъул районазул газетазулгун цадахъ рекъон хIалтIи бачиналъе, цоцазе кумек гьабиялъулги суалал.

Районазул редакторазда цебе рахьдал мацIалъул бугеб хIалалъул ва хадубккун цадахъаб хIалтIи гIуцIиялъе гьаризесел тадбиразул бицун кIалъана «ХIакъикъат» газеталъул редакторасул зам З. Ильясов. Гьес тIадчIей гьабуна нилъер умумаз бицараб, тарихалдеги иманалдеги нилъ руґьунаб магIарул мацI цIуниялъе прессаялъ, школаз киналго лъугьун кумек гьабизе ккелин, гьеб рахъалъ бугеб хIал гIадамазда, лъималазул эбел – инсуда рекIелъе нух бахъуледухъ бичIчIизабизе кколин.

Цадахъ рекъон хIалтIи бачиналда тIад чIана «ХIакъикъат» газеталъул редакторасул ишал тIуралев ГI. ГIумаханов, газетазул редакторал, авар мацI цIуниялъул ассоциациялъул нух мальулей Б. МухIидинова ва цогидали.

Дагъистаналъул мацIал цIуниялъе гьаризе бегьулел ресазул рахъалъ гIемерал предложениял кьуна данделъиялда. Гьеб рахъалъ хIалтIуе кумек Халкъияб Собраниялъул рахъалдасан балагьани лъикIин абун суал цебе лъуна нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор С КъебедмухIамадовалъги.

Къокъго абуни цIалдолезда ракIалде ккезе бегьула кин гIадамаз мацI цIунилеб, гьелъул иш тIад ругез гьабилярищ? – абун. Гьеб буго тIубанго мекъияб пикро. Щибго цIунизе кколеб жо гIатIидго машгъур гьабизе ва гIадамазе бокьизабизе ккола; рокъоб лъималазда бицинабизе ккола гьеб, авар мацIалъул дарсаздаса эркен гьаричIого лъималазулъ ВатIаналде гIадаб рокьи мацIалдеги букIинедухъ куцазе ккола гьел. РакIалде ккезе бегьуларо гIурусалъ кIалъани культура бугин, ай «круто» бугин. Нилъерголъи цIуни буго щивасул намусалъулаб иш.

**Ургъе ва цIодорлъи гьабе**

# «Энергетикалищ», сахлъийищ?

Ахирал соназ улкаялда цIакъ кIвар кьолеб буго демографияб ахIвал – хIал лъикIлъизабиялде. Амма гьелдаго цадахъ тIиритIулел руго наркомания, алкоголизм, энергетикал хIалтIизари гIадал гIузраби.

Энергетикалин цIар тарал гьекъолел жал Россиялда тIиритIизе байбихьана 1990-абилеб соназго. Цебе дагьаб къадаралда хIалтIизарулел букIараб батани, гьанже гьеб процент дагьаб букIаниги, машгъураб буго 160ялдаса цIикIкун пачалихъалда ва лъагIалие дунялалдаго гьекъолеб гьелъул къадар бащалъулеб буго 5 млрд. литралде. Къо бахъанагIан энергетикал гьекъолел цIикIкIунел руго бусурманаб Дагъистаналдаги. Гьелги кколел руго обществалъул бищунго жигараб бутIа – 11 ялдаса 35 сон базегIан ригьалда ругел.

Энергетикалъулъ бугеб инсанасе асар гьабулеб вещество кколеб буго кофеин ва гьелда гьорлъ рукIунел психоактивиял жал. Углекислотаги гьорлъе биччан газ бугеблъун лъугьараб гьелъ, хехго бидулъги босун жеги цIакъ мехтизарулел руго. ГIолилазда ккола энергетиказ тIадеги жан – жигар кьолин ва къуват бачIинабулилан. ХIакъикъаталдаги гьел гьекъолел жалаз нилъерго жанисеб энергияги хIалтIизабун, свак чучулеб, черхалъе рахIат кьолеб буго. Кофеиналъ борхизабулеб буго бидул тIадецуй, рекIел кьаби, гIемер кIущдизариялъ тIолабго черх бакьван лъугIизабулеб буго. «Свакан хвараб чу бацIиялда» данде кколеб буго гIалимзабаз энергетиказ черхалъе гьабулеб асар. Кофеинги алкогольги жубаялъ мехтизари цодагьаб хIинцIлъулеб буго ва гьелъ тох гьарулел руго гьекъараб жоялъул къадар лъаялдаса. Анкьие кIиго банка гурого гьекъечIониги, энергетиказ лъугьинабулеб буго алкоголизм унти, хIатталдаса ун кIудияб зарал гьабулеб буго тIулалъе ва психикалъе, хвезабулеб буго ца-кIал.

Россиялда чанги хIужа ккана бащдаб литр гьеб загьроялъулги гьекъон 17 – 20 сон барал гIолилазул, «хехаб кумек» тIаде гIунтIилалде ракI чIараб, миокардил инфаркт ккараб. Краснодар краялдаса, Чачан республикаялда гьел баракат гьечIел «сокал» ричи тIубанго гьукъун буго. Заман щвечIищ нилъ, дагъистаниязеги, нилъерго гIолохъанаб гIел хехго хвеялдаса цIунизелъун, цIодорлъи гьабизе?

Унго кIоларищ нилъер хIакимзабазда, депутатазда гьел къваригIел гьечIел жал районалдагIаги ричи гьукъулеб ялъуни гьезул къадар дагь гьабулеб хIалтIи гьабизе?



Востокалъул календарь

# ХъахIаб крысаялъул Соналъул прогноз

Китаялъул календаралда рекъон ЦIияб сон байбихьула гIадат хIисабалда 1 январалъ гуреб хасалил бакъул чIеялда ва кIиабилеб моцI цIилъиялда рекъон. Гьединлъидал ЦIияб Соналъул къо цогояб гьечIо. 2020 Крысаялъул сон, Хъабаналъул сон хисун щвезе буго 25 январалда. Гьеб ккола щамат къо. «Зобалда гъоркь» праздник халат бахъине буго тIубараб кIиго анкьалъ. Нилъер анибалдаса гьеб цIикIкIараб заманлъунги буго. Китайцаз кIванагIан хIаракат бахъула бачIунеб гIаламат кIодо гьабизе, рикIкIуна гьелъ сон кинабго рахъалъ гьава рекъараблъун лъугьунин.

**Кинаб букIине бугеб гьеб высокоснияб сон?**

ГIемерисел хIинкъула высокоснияб соналдаса, рикIкIуна гьеб балагьазул цIураблъун, гIумроялъулъ балагьал захIмалъаби дандчIвалеблъун. ХIакъикъаталда абуни гьеб гьедин гьечIо, 2020 сон данде кколеблъун буго ригьин гьабиялъе ва хъизан гIуцIиялъе. ХъахIаб кьералъ бихьизабула рацIцIалъи, рекIел бацIцIалъи ва лъикIал къасдал. Соналъул символ букIине буго ракI бацIцIадго магIишат гьабизе, лъикIал къасдал ругезе кумек щолеб, сверухълъи цIуниялде кIвар кьолеб ва гIадамаздехун хIурматгун ралагьулеб. Намус чорокго мурадалде къасд гьабуразе ккезе бихьизабун буго битIккунгутIи ва хьулкьотIи.

ЗахIмалъабиги рукIине руго, масала, хIакъикъаталдаги гьеб тIалабчилъи цIикIкIараб знакалъ дуе гIемераб захIмат ккезе бегьула. Нуж къвакIун чIани, гIужилго кинабго рахъ хIисабалде босани, нужго нужедаго божани, сверухъ ругезулъ лъикI ругони – нужее сундулниги хIинкъи гьечIо. Крысаялъ киназего кумек гьабизе буго.

Финансазул рахъалъги кумек щвезе рес буго. Гьеб хIайван кколелъулха щолеб жо гIолареб, бугонагIан бокьулеб. ЛъикIго ургъе кин нужерго магIишат гIуцIилебали ва лъагIалил символалъ нужее кинабго лъикI ккеялъе кумек гьабизе буго.

2020 соналъул кIиабилеб бащалъиялда гIумроялъул гIемерисел бутIабазда чIахIиял хиса-басиял ккезе руго. Гьел гIемерисел рукIина ракIалдаго гьечIел, рекIее гIоларелги рукIине бегьула. Ургъе нужеего кколеб зарал гIодобе бачине кIоларищали, кибехун квешаб энергия хIалтIизабизе лъикIаб букIинебали. Планалде босе спортгун гьудуллъиялда рукIине, ургъе цIияб хобби. Гьелъ кумек гьабила захIмалъаби къвинаризе.

Крыса гьадингояб знак кколаро, гьеб буго сихIираб, ракI квешаб ва бажарула ахIвал-хIал жиндиего бокьараб рахъалде буссинабизе. ГьединлъидалтIубараб лъагIалицаго цIодорго рукIине ккола. Камиларо кин гIумроялде рахъинарилелали лъаларел захIмалъабиги.

# *Цебесеб сахгьари*

**(1872 соналда Египеталда гIадамазу хъе щвараб некIсияб медицинаялъул документазда буго 900 гIагарун сахлъи бачIинабиялъул рецептал)**

ГIемерисел гьел гьабсагIаталдаги гIадамал сах гьариялъе данде ккола.



Египеталъул щивав врачасул букIуна жрецасул статус. Гьедин гIадан унтидал гьел унаан ТIадегIанасда гьардезе больницаялде гурел храмазде. ЗахIматал квачалдалъун ккарал унтабазде данде хIалтIизарулаан гIолел хурдузда чIвараб ккал. Доб мехалъ гьеб гьанжесеб пеницилин гIадаб жо букIана. Гьединго унтарасда ралаан квешабщиналдаса цIунулел амулетал.

НекIсияб Египеталда цIакъго нагагь гурони ракалъ чи холароан. Гьез рикIкIунаан гIемераб заманаялъ бакъукь чIани, гIемерал къварилъабазде рачунин, ай кIванагIан цIунулаан бакъул багIарарал чIораздаса. БукIана гьелдаса цIуниялъе сахаб крем; сурмаялъул ва кьаралъиялъул гьабураб. Гьеб бахунаан беразда сверун ва гьурмада. БатIи-батIиял ругънал сах гьариялъе хIалтIизарулаан чахъдал кьаралъиги гьоцIоги жубараб жо. Рас хехго гIеялъе – чамастанкалъул тIогьол нах, хIамил щинкIлал хъурун гьабураб порошок.

РекIеца жаваб кьолин чиясул кинаб го чорхолъ бугеб лъамалъиялъул; магIил, хIацIул ва бидул,-ян абулаан гьез. ГьединлъидалбищунгоцIунизе кколеб орган буго ракI. Храмазда хIадурулаан 40 компонентаздасан хIадурараб препарат. РакI лъикI хIалтIиялъе лъикIаблъун бихьизабулаан цIибил, пер, ражи, граната ва алоэялъул сок. Кьарияб букIиналъе гIоло свинина рекIее заралияблъун рикIкIунаан. Гьединго кваназелъикIабгьечIинбихьизабулаан бежа-белъинчIеб ччугIа.

Азарил саназ хисичIо Китаялъул, Тибеталъул, Монголиялъул ва Кореялъул традиционнияб медицина. ГьабсагIаталдаги гьеб хIалтIизабула Египеталда, Индиялда. Россиялда гьелде кIудияб кIвар кьоларо. Амма гьеб буго гIададисеб.

ЦIияб соналъул баркиял

# Школалъе цIияб гIумро кьурал

**ГIолохъанаб мехги къарзалъего кьун,**
**Тун букIинчIо школа борхатаб гохIда,**
**КьучI гъварилъаниги, къед гIеблъаниги**
**Къадруяб дур сипат сун ун букIана.**

Гьал мухъал сокIкIун рукIана дица нижерго гIагараб школалъул сипаталъухъги балагьун. ЦIакъ басралъул рукIана кабинетазул полалги, гордалги, хIатта чердакгицин. Гьале исана, къокъабго заманалда хасаб проекталда рекъон ва районалъул нухмалъулев ГIиса НурмухIамадовасул хIаракатаб хIалтIул хIасилалдаги школалъул

ГIагараб дир школа
Бика гIадин къачIана.

Меседил кверал ругел
Устарзабиги ритIун,
Къокъабго заманалда
Мактаб бохдузда лъуна.

Дуе сайгъат гьаризе
Рецц-бакъалъул рагIаби,
ГIемерал ратилаан
Дир табтаралда жанир.

Нилъерго умумазул
Чорхол хинлъиги цIунун,
ЦIар берцинаб дир район



сипат тIубанго хисизабуна. Гьабуна капиталияб ремонт.

Цо къоялъ школалъул майдан зан кIун цIун букIана гьабураб хIалтIул хIасил борцине рачIарал районалъул батIи-батIиял нухмалъиялъул гIадамаз, цIалдохъабазгун эбел-инсуцаги.

КIудияб баркала кьуна хIалтIи гьаби зе квербакъаразе росдал жамагIаталъ, школалъул коллективалъ. Диеги бокьун буго нижги ракIалде щун кумек гьабуразда баркалаян,- абизе.

**ГIиса НурмухIамадовасе**

Къали цIамулги чIикIун
Цадахъ хьвадичIонани,
ГIадамасул хасият
БичIчIуларин абула.

Дур цохIо сезон гIуна
ГIагараб районалъе,
ГIадамазул мухъилъ гьеб
Бахъун чIезе гьабизе.

Мегеж хъахIлъун букIараб,
ГIансиде ккун букIараб,
Нухда баче, цевехъан.

Рецццги рекъон ккеларо
Вац гIадинав чиясе,
ГIиса НурмухIамадов
Дуй азарго баркала!

**Л. МухIамадгIалиевасе**

РагIи бадибе лъикIаб
ТIил мугъзаде рекъараб,
Халкъалъе лъай-г1акълу кьей
Гьит1инаб иш гурелъул.

Киналго мугIалимаз
ГIакълу гьикъулеб бетIер,
ТIолалго школазе
Нухмалъулев цевехъан.

Дур ах бечедаб буго
Мичуринил кинниги,
ГъутIбуца кьолеб пихъги
Алжанул махI бахъараб.

Гьедин къвакIе, Лабазан
Къадру жеги борхизе,
Хирияб ракьалда тIад
ТIагIунареб лъалкI тезе!

# Бакъул канлъи гIадай нижер завуч

Баркиялъул рагIаби абизе бокьун буго ЦIатIанихъ гьоркьохъеб школалъул завуч ХIусейнова ГIайшат Мухулаевналъул рахъалъги. РакI-ракIалъ баркула гьелда дагьаб цебегIан букIараб гьаюраб къо ва ЦIияб Сон. Биччанте, ГIайшат, дур гIумро зодоб бакъ гIадин гвангъараб букIине!

Доб цо Москваялъул сагIтил гIадинаб
Сабураб рекIелаб кIутIи букIа дур.
КIвар гьечIез рицунел чIанда харбазда
Хадуй лъугьани мун, нухда кьосуна.
Дур бокьулареб жо щибан гьикъани,
РитIухълъи бокьулеб хасият буго.
Цоязда рихараб, халкь тIад урхъараб,
Хьубльи гьорлъ бессичIеб гIакълу-лъай буго.

Кидаго абула херал умумаз,
Хасият бацIцIадав лъелъ гьанкъуларин,
Чидар хIал хьеледухъ хIетIе босуге,
Гьеб буго дир рахъалъ дуе сайигъат.

**ПатIимат ХIАЖИЕВА**
**ЦIатIанихъ росу.**

# Нилъер рагъул къубат



Рагъулаб къубат цебетIеялъе, гиперзвуковияб ярагъги бахъун, дандиязул рагъулал къубатазде данде чIезе унго – унголъунги бажарулеб хIал букIиналъ Россиялъулги Китаялъулги ракетабазде данде чIезе бажаруларо гьанже америкаялъулазухъа. Гьединаб пикроялде рачIун руго гьезул эксперталги.



«Циркон»

Конкурентазде хадургъеялъе СШАялъул оборонаялъул министерствоялъ 2019 соналда гиперзвуковияб ярагъ гьабиялъе 2 млрд. доллар хвезабуна. Пентагоналъ кIвар буссинабулеб гьечIо оборона щула гьабиялде, - ян бихьизабулеб буго къватIиса политикиялда цее госсекретарьлъун хIалтIарай Хиллери Клинтоница, Бишоп Гериссоница ва политолог Престон Ланница.

Хасаб изданиялда бахъараб макъалаялда гьез цIакъ рахIат хун бихьизабулеб буго Вашингтоналъ гIей гьабун бугин наступательниябгун гиперзвуковияб ярагъалда, цIуниялъулаб къубат гьез хIадурулеб гьечIин. БатIаго ярагъалда тIад хIалтIуларого гьечIо гьел, гьез бахъун буго цIияб HCSW – гиперзвуковияб ракета яги «Ножовка» гьеб ккола ракетаги лъун боржунеб реактивияб двигатель. Ункъго гьединаб двигатель хIадурун буго гьез. Ножовкаги ккола гьединго ракетаби рикIкIаде босулеб двигатель.

КигIанго гьеб ишалъулъ битI кканиги американазда 2022 соналде щвезегIан цIияб гиперзвуковияб ракета бихьуларо. Россиялъул абуни гьабсагIаталда гьезул бугеб ярагъалда ва гьелдаса къуваталдаги данде чIолеб къуват буго.

Цебе США кутакалда ургъел чIван букIана Россиялъул «Циркон» гиперзвуковияб ракета букIиналъ. Гьелда кIвезеги кIола СШАялъул бугеб кинабго къуватазда тIад бергьенлъи босизе. Гьедин бихьизабулебги буго тIадехун рехсараб макъалаялда. Гьениб рехсолеб буго гьадинаб хIакъикъат: гьелда кIола цIикIараб манзилалда цIикIкIараб хехлъиялда ине, британиялъул специалистаз хIадураралда данде ккун.

Рагъулав эксперт Константин Сивковас бихьизабуна нилъер крылатияб «Циркон» ракета бугин НАТОялъул комплексазда хадур гIунтIизе кIолареб, - абун.



«Ножовка»

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго нижер мухбир Ахъбердиев ТIалхIатида, гьесул яс Аллагьасул къадаралда щвеялда бан.

Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятайги, нахъе ругезе сабруги кьейги.

...

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго райадминистрациялъул хIалтIухъан ГIабдула ГIабдурахIмановасда ва тIолабго гIагарлъиялда эмен **ГIабдулхIамид** Аллагьасул къадаралда щвеялда бан. Аллагьас гьев алжан кьун вохизавун ватайги, нахъе ругезе сабруги кьейги.

**РачIа релъизин**

## *Жаваб кье дир, тIаса йищарай!*

Цоясда чIалгIана живго вукIун тIамулеб гIумро. РакIалде ккана телефоналдасан лъади ялагьизе. Гьеб лъикIаб пикрулъун рикIкIана гьудулзабазги. – Кье лъазабе лъай-хъваязул сайталде, гьениб дуда къисмат батизе бегьула, Кинабго бугеб куцалъ хъвай,-ян малъана гьез. Хадубккун ракIбакъвай ккечIого букIине гIемерал гIакълаби кьуна гьудулзабаз.

Гьел ритIаралги рукIана, гьес ялагьулей йигелъул гIумруялъул гьудул. Хъвана «ялагьулей йиго яс кIвар бугел гьоркьорлъабазе,- абун. Кандидаталде ругел тIалабал рукIана гIадатиял; 25 сон бачIеб гIумро, берцинай йикIин, керен борхатаб букIин, чергесай, 175 см. бахинчIеб лага-сан, финансазул рахъалъ хьарай, 100 ялдаса гIодобе гьечIеб квадрат гIумро гьабулеб бакI бугей, рукъзабазул гордал азбаралдехун ралагьарал ругей, этаж лъабабилелдаса гъоркье тIаде ккечIого букIин, гьениб лъикIаб ремонт букIин, гIодоб паркет бугони лъикI. КIвар буго автомобиль букIиналъул, гьеб букIине те внедорожник. Дачаги хIажалъула, гьеб лъикIан гIодобе биччараб, гIурччинлъи бугеб рохьида аскIоб бугеб поселокалда. Ячунелъул рукIине ккола гIодоре риччарал, гIемер тIад хIаллъуларел эбел-эмен. Бокьула французазул, Италиялъул кухня, зарал бугел гьудулзаби хIажат гьечIо.



Дирго хIакъалъулъ: 52 сон, 114 см. лага-черхалъул борхалъи, заманаялъ хIалтIулев гьечIо, гIумро гьабун вуго цо квартираялъув, цадахъ йиго херлъарай эбелги. Бокьула квана-гьекъезе, гьудулзабигун хIалхьиялда сардал разе. Къасде дагьавго хъван-хъвадула, дагьабго бахараб давлениеги буго, дагьабго дагьлъун буго канлъи, хIажалъула стоматологасул хъулухъал, гьабсагIаталда дирго гьелъие рес гьечIо. Духъ валагьун чIун вуго, тIаса йищарай!

Лъазаби къватIибе кьун заман бахъилалде тIад бан рачIине лъугьуна ясазул жавабал. Цоялъ хъвалеб буго гьулакги цадахъ босун лъикI гурищ мун тIад кьущазе,-абун, кIиабилелъ махсаро гьабулеб бугин внедорожник жаниб лъезе гаражгIаги гьечIищ дур,- ян. Лъабабилей лъабго ясалъ зарал данде къан буцал рихьулел ругоан, бахIарасда.

## ИНФОРМАЦИЯ

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» доводит до сведения граждан, что внесены изменения в Федеральный закон от 27.11.2018 года № 418 «О ежемесячных выплатах семьям, имеющим детей».

Существенные моменты:

- Ежемесячная выплата в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка осуществляется до достижения ребенком возраста 3-х лет.
- Среднедушевой доход семьи, позволяющий назначить ежемесячную выплату в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка повышен до 2-х кратного размера прожиточного минимума, установленного в РД.
- При достижении ребенком возраста 1 года, а затем и 2 лет необходимо повторно обратиться в УСЗН с заявлением с приложением документов для продолжения осуществления выплат.

Данные изменения вступают в силу с 01.01.2020г.

По всем возникающим вопросам можете обратиться по телефону **8989 444 03 77** к специалисту Мухастановой Патимат.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 13. 01. 20 г. 17. 40
фактически -18. 10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.